

AVEC LE TEMPS

Èske se lò pou 'm te ba w
Paske tout sa 'm fè pa 't janm ase
M sonje lè 'm te nan bra w
Ou te fè 'm kwè 'w pa t'ap janm ale
Malgre tout vis nou
Ou te pwomèt mwen 'n t'ap fini vi nou ansanm
Malgré tout diskou
Ou jwenn on jan kanmenm pou fè demi tou

PRE REFRAIN / PRE HOOK

M te toujou kwè
Ke 'n te ka gon chans
Pou lanmou sa je fèmen
M te fè 'w konfyans
Mèsi
Pou bèl moman 'n viv a 2
M'ap di 'w mèsi , mèsi
Men sèl sa 'm konnen

REFRAIN / HOOK

Avec le temps ou gen pou sonje mwen
Avec le temps ou gen pou mande pou mwen
Avec le temps 'w pral vle pou m' retounen
Avec le temps , le temps
Ou pral di si 'w te konnen.

Fanmi, zanmi , di 'm ke 'w pa happy
Pandan 'w ap pran poz , 'w ap byen pase
Pandan 'm konnen ke pa gen lot moun
K'ap janm renmen 'w pi plis pase 'm
Ou chwazi yon vi superficielle
nan plas yon lanmou éternel
Men nan pwen nou ye la
Sa byen tris pou m' sonje gon lè

PRE REFRAIN / PRE HOOK

REFRAIN / HOOK

PONT / BRIDGE 1

Ou mèt rele 'm nan telefòn
(ou pap jwenn mwen)
Ou mèt plede voye DM
(ou pap jwenn mwen)
Whatsapp , Facebook
(ou pap jwenn mwen)
Cheri, ou wè laaaaaa
(ou poukò w)
Nèt

M te pale yo
I'm back in the game for real
Paska

Nan ka sa , m' reziyen 'm
(m' reziyen 'm , Mh)

(M kite sa)

Menm si kè m ta vle 'm pap tounen dèyè bebe
(Mwen kite sa)
Nan moman an m poze pa okipe 'w pou mwen non
(M' kite sa)
Anhhhhh

PONT / BRIDGE 2

(I'm over you)
(Over you ou ou ou)
Mwen fini pa aprann
Mete tèt mwen an premye
(I'm over you)
(Over you ou ou ou)
Jounen jodia 'm pi djanm
Pou moun k'ap vini apre 'w la

PONT / BRIDGE 1

Alo Coky
Mood la pap chanje
Toujours le même vibe

(M' kite sa)
Mwen ki ki kite 'l, ki ki kite 'l mache
(Mwen kite sa)
Yeah yeah yeah

Avec le temps ou gen pou sonje mwen
Avec le temps , le temps
Ou pral di si 'w te konnen.

Auteurs : M.P Smith, C-C Surena
Publishing / Editeur : Beg Publishing, 6 Bis Editions